



Pou Piblikasyon Imedya: 21/04/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$71 MILYON DOLA NAN PWOJÈ RENOVASYON PARK NAN ANE 2020

Nan kad Semèn Latè a, Park Eta New York yo ap lanse pwojè nan 60 park ak sit istorik nan Eta nan 2015-16 nan kad yon plan konplè pou renove sistèm Park Eta

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke 88 pwojè revitalizasyon ak renovasyon, ki totalize \$71.7 milyon, pral fini nan 60 park eta ak sit istorik toupatou nan New York ane sa a. Anons la lanse pou tout yon semèn nan lonè selebrasyon Latè, 19-25 avril ki rekonèt angajman New York ak akonplisman l pou pwoteje anviwonman nou an, konsève espas ki ouvri, ogmante aksè nan gwo resous natirèl ak fòmida eta a, aplike inisyativ enèji pwòp ak prepare pou efè nan chanjman klima a.

“New York se kay kèk nan pi gwo sit lwazi anplennè ak istorik nan mond lan e li enpòtan ke nou prezève yo pou jenerasyon kap vini yo,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Avèk finansman sa a, nap bati sou siksè pase nou nan amelyore enfrastrikti park eta nou yo epi devlope yo an motè ekonomik pou kominote lokal yo.”

Komisyone Office of Parks, Recreation ak Historic Preservation Rose Harvey te deklare, “Gouvènè Cuomo ap dirije transfòmasyon sistèm park eta nou an ki pral genyen etablisman modèn, ofri eksperyans rekreyasyon ak edikasyon rekonpansan epi bay pi bon aksè pou tout moun. Pwojè *NY Parks 2020* ki te anonse jodia pral non sèlman fikse epi restore enfrastrikti park nou an ki aje anpil men tou li pral amelyore egalman anviwonman nou an, konekte moun avèk aktivite anplennè aktif, sen epi dinamize ekonomi lokal yo.”

Pwojè a fè pati nan kad plan Gouvènè a [NY Parks 2020](#), fè yon angajman plizyè ane pou ogmante yon laj varyete finansman piblik ak prive pou investi apeprè \$900 milyon nan Park Eta yo de 2011 a 2020. Gouvènè a angaje \$110 milyon nan pwojè sa nan Bidjè Eta 2015-16 la. Anplis de pwojè yo ki te anonse jodia, bidjè 2015-16 la pral prevwa pou plizyè amelyorasyon nan tout sistèm nan, tankou investisman nan enèji efikas, teknoloji, jesyon resous natirèl, ak pwojè santye; e li afekte fon pou sitiyaasyon ijans, jeni ak sipèvizyon konstriksyon, ak konsepsyon pwojè pou ane kap vini yo.

Finansman ane sa a pral lanse 88 gwo pwojè konstriksyon toupatou nan eta, enkli agrandisman opsyon kan nan Buttermilk Falls, Evangola, Four Mile Creek, Golden Hill

ak Moreau Lake State Parks; modènize saldeben ki santre nan zòn pou naje a nan Allegany, Fort Niagara, ak Hamlin Beach State Parks; amelyore etablisman atletik nan Gantry Plaza ak Riverbank state parks; epi kontinye plan plizyè ane pou restore grandè estetik ak istorik Niagara Falls ak Jones Beach State Parks.

Pwojè yo ki pral konpoze pwochen faz nan plan alontèm *NY Parks 2020*, sa ki swiv sèt priyorite stratejik:

- Fè investisman konplè nan park eta popilè ki pi enpòtan yo tankou flagship parks pou asire ke yo rete enpòtan nan tout 21yèm syèk la;
- Vize investisman pou pwojè ki pwomote sante, lwazi aktif anplennè;
- Asire ke moun nan tout nivo nan lavi a gen opòtinite pou konekte avèk park yo;
- Ranplase etablisman piblik ki te byen itilize yo men ki delabre ansanm avèk enfrastrikti enpòtan yo ki te neglije pandan twò lontan;
- Prezève sit istorik ak byen kiltirèl yo;
- Garanti bon gouvènans nan kèk ekosistèm ki pi inik nan Eta, sa ki gen ladan pou fè yo vin pi rezistan a kondisyon move tan; ak
- Ogmante enpak touris nan State Parks yo pou dinamize ekonomi lokal yo.

Direktè Egzekitif Parks & Trails NY Robin Dropkin te deklare, “Sistèm park anblematik nou an ansyen, men li se youn ki plis vizite, nan peyi a, ki te kontribye a \$ 2 milya chak ane nan ekonomi eta. Grasa gwo angajman Gouvènè Cuomo, investisman dirab nan restorasyon ak revitalizasyon 215 park eta New York ak sit istorik pral pèmèt pou plas presye sa yo plis reyalize posibilite yo kòm motè ekonomik pou kominote lokal yo e kòm destinasyon pou bon jan kalite lwazi anplennè pou tout Nouyòkè.”

Direktè Egzekitif Open Space Institute’s Alliance pou Pwogram Park Eta New York Erik Kulleseid te deklare, “Ki pi bon fason pou komemore prentan ak semèn latè a pase pou selebre pwochen sik pwojè revitalizasyon ak renovasyon ki pral fè bèl park eta New York yo vin pi akeyan, edikatif ak ekstra-òdinè. Apati flagship parks a gems rejyonal, park eta yo ap sibi yon transfòmasyon ki diferan de tout sa eta pat janm wè. Nouyòkè yo rekonesan a Gouvènè Cuomo ansanm avèk lejislati a paske yo te renouvle angajman yo a trezò natirèl ki pi espektakilè nan New York.”

Pwojè konstriksyon yo pral fèt nan rejyon ki annaprè yo:

Capital Rejion - \$3,6 milyon pou 8 pwojè

Park Eta Cherry Plain	Ranplase estasyon Konfò nan zòn Piknik la ki deteryore	\$600,000
Park Eta Grafton Lakes	Renove izin tretman dlo sal la ki la depi 1969	\$750,000
Park Eta Grafton Lakes	Renove de Estasyon Konfò nan zòn Piknik la	\$300.000
Park Eta Moreau Lake	Konstwi Senk nouvo Kabin nan Zòn Sit Kan	\$700,000

Sit Istorik Olana State	Amelyorasyon nan Sit Olana – Premye faz	\$500,000
Park Eta Saratoga Spa	Enstale espas pakin Vèt' nan Saldeben Roosevelt yo	\$55,000
Park Eta Saratoga Spa	Enstale chodyè chofaj ki otman efikas	\$400,000
Park Eta Saratoga Spa	Reyabilitasyon ankou nan Bilding ak Lakou Kan Istorik Spa	\$300,000

Rejyon Santral– \$3.2 milyon pou 4 pwojè

Park Eta Green Lakes	Konstwi nouvo Antre Park enkli Sèvis Piblik– Finansman adisyonèl	\$200,000
Park Eta Green Lakes	Amelyore Santye Park Hiking T	\$100,000
Park Eta Green Lakes	Renove Golf Course Clubhouse ak Pro Shop – Finansman Adisyonèl	\$2,150,000
Park Eta Green Lakes	Renove Teren Kan Pine Wood	\$750,000

Rejyon Finger Lakes– \$6.7 milyon pou 9 pwojè

Sit istorik Ganondagan State	Sant Edikasyon & Art Konplè - Ekspozisyon ak Amelyorasyon Sit yo	\$1,250,000
Genesee Valley Greenway	Amelyorasyon Santye Greenway Enkli Pwen daksè, Pon ak Kouran dlo kap travèse	\$500,000
Park Eta Hamlin Beach	Renove Saldeben Plaj Pisin Istorik	\$2,500,000
Park Eta Letchworth	Amelyorasyon Sèvis Entènèt ak telefòn nan nouvo sant Nati, Biwo Park, ak lòt Etablisman Park yo	\$700,000
Park Eta Letchworth	Konstwi Nouvo Sant Nati – Fon Adisyonèl	\$1,000,000
Park Eta Letchworth	Enstale Otomatizasyon nan Castile	\$250,000
Sit Istorik Sonnenberg Gardens State	Restore Bilding Aviary pou kreye espas pou Evènman Piblik	\$225,000
Miltip	Enstale chemen aksesib nan teren jwèt	\$125,000

Miltip	Repare ak ranplase twati ki delabre yo	\$125,000
--------	--	-----------

Rejyon Long Island– \$18.5 milyon pou 10 pwojè

Park Eta Belmont Lake	Konekte Park la a sistèm Tretman Dlo Sal nan Konte Suffolk	\$1,000,000
Park Eta Bethpage	Amelyorasyon nan Golf Course	\$500,000
Park Eta Bethpage	Amelyore Efikasite Enèji nan sistèm HVAC nan Clubhouse la	\$2.600.000
Park Eta Caumsett	Amelyorasyon nan sistèm septik	\$210,000
Park Eta Hither Hills	Amelyorasyon nan teren kan enkli nouvo etablisman twalèt	\$1.000.000
Park Eta Jones Beach	Inisyativ renovasyon konplè nan Jones Beach	\$10.000.000
Park Eta Robert Moses	Sistèm Enstalasyon Solar PV	\$1,440,000
Park Eta Sunken Meadow	Konstwi nouvo antre Plaza Tòll	\$1,000,000
Park Eta Sunken Meadow	Enstale Nouvo Sistèm Septik	\$390,000
Park Eta Wildwood	Enstale Nouvo Sistèm Septik	\$340,000

Rejyon Mid-Hudson– \$13.4 milyon pou 18 Pwojè

Park Eta Bear Mountain	Repare ak renove zòn pakin nan Bear Mountain Inn	\$750,000
Park Eta Bear Mountain	Ranplase Twati sou Bilding Merry-Go-Round	\$150,000
Park Eta Bear Mountain	Renove Izin Tretman Dlo Sal ak reparasyon	\$1,100,000
Park Eta arriman	Kontinye renovasyon kan Gwoup Timoun	\$500,000
Park Eta Harriman	Ranplasman Pon Tiorati Brook	\$925.000
Park Eta James Baird	Modènizasyon rezo dlo potab	\$350,000
Sit Istorik John Jay Homestead	Penti Eksteryè nan Historic Main House	\$150,000

State		
Park Eta Mills-Norrie	Sant Anviwonman Norrie Point - Amelyorasyon Twati ak Bilding	\$2,040,000
Park Eta Mills-Norrie	Amelyorasyon nan Sistèm Elektrik Park la	\$1,000,000
Minnewaska State Park Preserve	Amelyorasyon nan Park enkli yon nouvo Biwo Pak, Twalèt Piblik epi renove Parking yo	\$2,000,000
Minnewaska State Park Preserve	Re-devlope antre park la pou amelyore sikilasyon an	\$350,000
Multip	Renove Sis Pon nan Harriman ak Bear Mountain Pak Eta yo	\$900,000
Park Eta Nyack Beach	Amelyore antre wout epi kenbe miray la	\$500,000
Sit istorik Eta Staatsburgh	Enstale Chodyè Enèji Efikas epi retire rezèvwa gaz	\$335,000
Pasaj sou Park Eta Hudson	Repare ak antretyen platfòm	\$75,000
Pasaj sou Park Eta Hudson	Amelyorasyon nouvo Parkland ki te fenk achte nan Antre Lès Park la	\$250,000
Pasaj sou Park Eta Hudson	Antretyen Pasaj Ranp	\$1,800,000
Katye Jeneral Sit Istork Washington State	Restore tour istorik Victory	\$250,000

Mohawk Valley – \$500,000 pou 3 pwojè

Park Eta Delta Lake	Renove Sistèm Elektrik ak teren dlo	\$160,000
Park Eta Glimmerglass	Ranplase twati saldeben yo ki koule	\$150,000
Sit Istork Johnson Hall State	Konvèti Kazmat vid istorik an espas entèpretasyon	\$200,000

Vil New York – \$6.3 milyon pou 11 Pwojè

Park Eta Bayswater	Estabilizasyon istorik Sunset Lodge	\$80,000
--------------------	-------------------------------------	----------

Point		
Park Eta East River	Konstwi Bilding ak Estoraj Estasyon Kontak	\$350,000
Park Eta Gantry Plaza	Renove teren jwèt ak Lakou Rekreyasyon	\$475,000
Park Eta Riverbank	Amelyorasyon Enfrastrikti Estrikti Bilding	\$140,000
Park Eta Riverbank	Reparasyon Konplè nan sifas glas Rink	\$180,000
Park Eta Riverbank	Amelyore Antre Gateway nan Riverside Park la nan North Stair Tower	\$300,000
Park Eta Riverbank	Enstale Sensory Play Field	\$950,000
Park Eta Riverbank	Amelyorasyon Aksè Park yo	\$795,000
Park Eta Riverbank	Reparasyon Enfrastrikti Park yo	\$520,000
Park Eta Roberto Clemente	Amelyorasyon Teren Baskètbòll	\$270,000
Park Eta Roberto Clemente	Rekonstriksyon Upper Plaza	\$2,200,000

North Country – \$3.6 milyon pou 6 pwojè

Park Eta Cumberland Bay	Konstriksyon de douch nan teren kan/bilding twalèt	\$2,200,000
Park Eta Keewaydin	Pwojè Enèji Efikas Biwo Rejyonal	\$250,000
Park Eta Kring Point	Amelyore Sèvis Elektrik nan zòn Point Camping	\$80,000
Park Eta Macomb Reservation	Reparasyon Baraj	\$250,000
Park Eta Wellesley Island	Amelyorasyon Enfrastrikti - Sant Nati Minna Anthony Commons	\$350,000
Park Eta Wellesley Island	Asfalte wout antre prensipal la	\$500,000

Southern Tier – \$1.9 milyon pou 6 pwojè

Park Eta Allan Treman	Fini 1.4-Kilomèt Krik Santye Rekreyasyon Cayuga	\$150,000
Santye Black Diamond	Fini Premye faz Santye lwazi a: 8.4 Kilomèt apati Park Eta Taughannock a lthaca	\$500,000
Park Eta Buttermilk Falls	Amelyorasyon Santye Gorge ak Eskalye, Enkli Stabilizasyon Konsèvasyon Sivil Corps-Era Stonework	\$200,000
Park Eta Buttermilk Falls	Enstale 15 Kabin Ristik nan Teren Kan	\$120,000
Park Eta Robert Riddel	Amelyorasyon pou renove aksè piblik nan pati pak la ki pa devlope	\$75,000
Park Eta Stony Brook	Ranplase sistèm dlo potab	\$880,000

Lwès New York – \$14 milyon pou 13 pwojè

Park Eta Allegany	Enstale Bear-Proof Food Lockers nan sit Kan Cain Hollow	\$75,000
Park Eta Allegany	Repare ak refè sifas wout pak yo	\$1,685,000
Park Eta Allegany	Ranplase Saldeben Quaker Lake Beach	\$1,175,000
Park Eta Beaver Island	Ranplase magazen Golf Club dife te detwi a	\$2,000,000
Park Eta DeVeaux Woods	Repare ak refè sifas wout pak ki deteryore yo	\$400,000
Park Eta Evangola	Refè sifas antre Park la	\$250,000
Park Eta Fort Niagara	Konstwi nouvo espas pou douch Pisin	\$2,500,000
Park Eta Knox Farm	Reparasyon nan strikti istorik, enkli Chato, Equestrian Barn al Greenhouse	\$250,000
Park Eta Lake Erie	Ranplase bilding administratif la ki vid	\$225,000
Multip	Enstale 12 Kan Yurts - Four Mile Creek, Golden Hill ak Park Eta	\$300,000

	Evangola	
Amelyore Plizyè Aksè pou Lapèch	Platfòm lapèch ak pwojè aksè lapèch ki gen rapò nan senk park rejyon Niagara: Artpark, Fort Niagara, Four Mile Creek, Golden Hill and Wilson-Tuscarora	\$600,000
Park Eta Niagara Falls	Kontinyasyon Inisyativ Revitalizasyon Park Eta Niagara Falls	\$4,375,000
Sit istorik Ansyen Fò Niagara State	Reparasyon Fò Masonri Istorik	\$200,000

Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik Eta New York sipèvize 180 pak ak 35 espas istorik eta a, epi gen 62 milyon moun ki vizite yo chak ane. Pou jwenn plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn lwazi sa yo, rele 518-474-0456, oswa vizite www.nysparks.com, konekte nan [Facebook](https://www.facebook.com/nysparks), oswa swiv nou nan [Twitter](https://twitter.com/nysparks).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
 Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418